Asistans Finerè Kowonaviris (COVID-19)

Pandemi COVID-19 la pote anpil chagren nan anpil fanmi. Nan FEMA, misyon nou se pou ede moun anvan, pandan epi apre dezas. Nou angaje nou pou ede soulaje kèk nan estrès finansye ak fado viris la te koze.

FEMA ap bay asistans finansye pou depans finerè yo ki gen rapò ak COVID-19 ki te rive apre 20 janvye 2020.

Pou kalifye pou asistans finerè, ou dwe satisfè kondisyon sa yo:

- Desè a ta dwe rive Ozetazini.
- Aplikan an dwe yon sitwayen ameriken, yon resòtisan non-sitwayen oswa etranje kalifye ki te fè depans finerè apre dat 20 janvye, 2020.
- Pa gen okenn kondisyon ki di pou moun ki mouri a te yon sitwayen ameriken, yon resòtisan non-sitwayen oswa etranje kalifye.
- Sètifika desè defen an dwe endike lanmò a te atribiye oswa te rive akòz COVID-19. Si yon desè te rive nan entèval dat 20 janvye ak 16 me, 2020, epi sètifika desè a pa atribiye lanmò ak COVID-19, mete yon deklarasyon siyen ki soti nan men ofisyèl, doktè lejis lokal oswa egzaminatè medikal ki sètifye ki atribiye kòz lanmò ak COVID-19.

Ki depans k ap kalifye pou ranbousman?

Egzanp depans ki elijib pou sèvis finerè yo ka genyen ladan yo, men pa sèlman:

- Transpò pou idantifye defen an.
- Transfè kadav la
- Yon kav kote yo antere kadav la oswa nich ensinerasyon an
- Yon mab oswa wòch ki sou tonm lan
- Sèvis klèje oswa moun ki chante seremoni an
- Itilizasyon ekipman oswa anplwaye ponp finèb la
- Depans pou ensinerasyon oswa depans pou entènman

Ki enfòmasyon mwen ap bezwen pou m bay FEMA?

Tanpri pare enfòmasyon annapre yo anvan w kontakte FEMA pou aplike:

- Non w, nimewo sekirite sosyal, dat nesans, adrès lapòs avèk nimewo telefòn pou kontak ou yo.
- Non, nimewo sekirite sosyal ak dat nesans pou chak defen.
- Lokal oswa adrès kote defen an te mouri a
- Dokiman ak resi pou tout asistans ou te deja resevwa nan men lòt sous yo, tankou asirans entènman oswa finerè, donasyon, ajans volontarya yo, lòt pwogram gouvènman yo oswa òganizasyon non pwofi yo.
- Non ak enfòmasyon pou nenpòt ko-aplikan (yo) si genyen kèk moun apa de oumenm te fè depans finerè pou defen an (yo).

KIJAN POU MWEN APLIKE POU ASISTANS SA A?

Rele Liy Telefòn Dirèk Asistans Finerè FEMA's COVID-19 lan nan
1-844-684-6333
(TTY: 800-462-7585)
apati 9 a.m. jiska 9 p.m. ET,
Lendi – Vandredi epi kòmanse pwosesis aplikasyon an.

Apre ou fin fè aplikasyon ou an, ou kapab kòmanse soumèt dokiman sou entènèt atravè sitwèb Disasterassistance.gov, **pa faks 855-261-3452.**

Ou kapab voye dokiman yo tou pa lapòs nan:
COVID-19 Funeral Assistance
P.O. Box 10001
Hyattsville, MD 20782

Ou kapab vizite nou tou sou entènèt nan FEMA.gov/disasters/coronavirus/economic/funeral-assistance. Yo bay enfòmasyon yo nan diferan lang ni nan telefòn ni nan sitwèb la.

FEMA